

## KOMAN POU OU PREPARE POU ANTREVI / ENTÈVYOU POU AZIL

Si w te vin Ozetazini san estati legal epi ou vin kontre ak imigrasyon nan espas 14 jou ak nan espas 100 kilomèt de fwontyè a, ou pral gen plis chans pou yo ta mete w nan pwosesis depòtasyon akselere a. Sa ki vle di ke ou pa gen dwa pou w al devan yon jij epi yap baw yon lòd depòtasyon. Yo pral mete lòd depòtasyon sa a sou poz sèlman si w eksprime pè pou w retounen nan peyi w. Lè sa, yo pral transfere dosye w la nan Biwo Azil USCIS (« United States Citizenship and Immigration Services » an anglè) pou yon entèvyou ak yon Ofisye Azil ki gen ekspètiz nan domèn sa a nan lwa Etazini an.

**Objektif antrevi/entèvyou azil** la se pou yo wè si dosye ou an ase solid pou pwoteksyon nan Étazini kidonk pou yo ta dwe ba ou yon opòtnite pou explike dosye ou bay yon Immigration Judge [jij imigrasyon]. Pou ou resevwa yon desizyon pozitif, ou pral oblije montre yo ke ou yon « gwo posiblite » pou yo ta aksepte ba ou pwoteksyon sou lwa nou yo. Ou dwe resevwa yon desizyon positif sou “credible fear” [kredibilite krent ou a] pou ou ka ranpli aplikasyon pou proteksyon avek yon jij, menm jan tou pou ou ka mande pou yo lage ou pou ka soti nan detansyon. Si ou jwenn yon desizyon negatif ou ka mande pou yon jij imigrasyon regade/revizye desizyon ofisye azil la, sèl men sa. Daprè lalwa, yon fwa ICE remèt petisyon ou a pou revizyon jidisyè nan tribinal, odyans revizyon jidisyè ou ap fèt nan 7 jou. Fòk ou resevwa yon desizyon pozitif de « krent kredib » ou an pou ou ta aplike pou pwoteksyon devan yon jij ke nou konnen tankou Pwosedi konplè Seksyon 240 (oswa ak biwo Azil la anba nouvo Règ Pwosesis Azil la), menmjan pou w montre yon jij oubyen ICE ke ou pa gen entansyon sove pou yo ta libere w nan detansyon an pou ou kontinye pwosè ka ou an deyò sant detansyon an.

Tanpri sonje ke si yo te deja depòte w epi ou retounen an peyi a san pèmisyon epi w travèse larivyè a oswa dezè a (Antre San Pèmisyon oswa « EWI » an anglè), ou p ap gen yon entèvyou pou lakrent kredib (CFI) pou w aplike pou azil la, men pito yon pwolongasyon pou depòtasyon ak yon Entèvyou pou Lakrent Kredib. Men pou rezon pratik, pwosesis la rete menm nan. Sepandan, yo pral evalye ka w la pou yo pwolongasyon depòtasyon an, pa pou azil, sa ki vle di ke ou pral oblije montre ke li pwobab a yon 50% ke yo ka pèsèkite w nan plas ke se ta sèlman 10% posiblite.

Si repons yo ba ou a negatif, ou ka toujou mande yon Jij Imigrasyon pou li ta analize repons Ofisye Azil la anko, men se sèl sa ou ka fè. Si jij la chanje repons negatif ou an pou yon repons pozitif, ou ka komanse ak pwosesis tribinal la nan pwosedi nan Seksyon 240 lan. Si jij la dakò ak desizyon ofisye Azil la, ebyen lòd depòtasyon yo te ba ou a lè w te fin antre nan Ozetazini an ke yo te mete sou poz la ap rebran fonksyon lie pi ICE ap kontakte anbasad ou an pou yo fè aranjman pou vwayaj retou ou an nan peyi ou (raple w ke ni ICE, oubyen ankenn lòt moun nan gouvènman an, ka di anbasad ou an ke ou te mande yo pwoteksyon nan peyi yo an).

Asylum/withholding of removal [Azil / withholding of removal”Pwolongasyon depòtasyon”] yon pwosesis **pou moun ki pè retounen** nan peyi yo. Malerezman **Lwa Etazini yo pa pwoteje tout moun** ki pè tounen nan peyi yo. Li pwoteje moun ki pè ke yon moun ka seryezman fè yo mal poutèt/akòz de opinyon politik yo, relijyon yo, ras yo, nasyonalite yo, oswa paske yo fè pati de yon “**gwoup sosyal patikilye**”, **ki se yon fason legal pou di ke gen yon bagay ki diferan de yo ke sosyete a rekonèt**. Sa ka tankou yon moun ki omoseksyèl [masisi, madivin], , yon viktim vyolans domestik, yon temwen, yon repòtè, yon defansè dwa moun, manm yon sèten fanmioswa pou ou ta diferan nan yon sèten fason menmjan ak lòt moun tou. . W ap bezwen pwouve ke ou bezwen pwoteksyon Etazini an. – ke gouvènman ou an pa kapab pwoteje w oubyen ke li pa vle pwoteje w e ke pa gen ankenn lòt kote ou ka rete ak kè poze.



Genyen yon kalite **pwoteksyon apa pou moun ki pè gouvènman**, li gen ladan: lapolis oswa yon aktè prive tankou yon gang ki ap travay ak lapolis/gouvènman, oubyen lè gouvènman an konnen ki sa ki ap pase men l' pa fè anyen pou pwoteje ou. Lè gouvènman an responsab pou mal ki rive w' [ke ou te souffri/subi] / pral rive w' [pral souffri/subi] ou ka kalifye pou pwoteksyon anba United Nations Convention Against Torture [Konvansyon Nasyonzini Kont Tòti].

## KESYON YO POZE SOUVAN

### Motif

Ki moun ki menase'w / fè'w mechanste /mal? (Menm si ou pa konnen non yo ou ka bay alias yo oubyen lòt enfòmasyon sou ki moun ou panse yo ye epi poukisa ou panse yo se moun /gwoup sa.)

Poukisa yo te dèyè ou?

Èske gen lòt manm fanmi, zanmi, relasyon [konpayon, kamaradri, asosye, kontak] oswa moun ki nan menm sitiasyon an ki te viktim? Si wi, poukisa? Kisa ki rive yo?

### Nivo Danje / Mechanste / Menas

- Ki jan yo te menase ou / fè ou mal?
  - Konbyen fwa yo te menase ou / fè ou mal?
  - Pendan konbyen tan yo te menase ou / fè ou mal? (premye ak dènye ensidan an)
  - Ki sa ki te pi move ensidan an? Kisa ki te pase? Konbyen tan li te dire?
- Ki sa [espesyalman] ou pè ki ka rive si ou obligè oswa fòse retounen? Poukisa sa pral rive?

### Sekirite nan Peyi Ou

- Èske lapolis ka pwoteje ou? Poukisa? (Si ou gen prèv de yon plent [rapò], ou ka di Ofisye Azil la sa.
- Èske ou ka viv nan yon lòt pati/zòn nan peyi ou? Poukisa?

## DWA OU YO NAN ENTÈVYOU A

Ou gen dwa pou gen yon avoka ki reprezante w nan entèvyou a si w anboche youn. Ou ka mande pou yon lòt dat entèvyou tou si ou vle plis tan pou chèche yon avoka oswa si ou ta renmen konsilte yon avoka sou ka w la anvan entèvyou a. Chak avoka diferan nan fason yo ede ou prepare pou entèvyou ou epi li pa janm yon move lide pou konsilte ak plis avoka. Anplis de prepare w pou entèvyou w la, yon avoka ka akonpanye w, anjeneral pa telefòn, epi bay Ofisye Azil la yon diskisyon sou analiz jiridik sou fason reyalyite ka w la konfòm ak egzijans lalwa Ozetazini (swa vèbal e/oswa ekri). Yon avoka ka ede tou asire ke Ofisye Azil la pa bliye poze nenpòt kesyon enpòtan e ke pa gen okenn vyolasyon dwa ou yo.

Ou ka mande tou pou yo ba ou yon entèvyou on lòt jou si ou pa santi w byen epi ou santi ke ou pap ka fè atansyon a kesyon yo epi pou w ta reponn byen. Mande yon poz siw bezwen l.

**Ou ka mande pou yon ofisye azil fi oswa gason** si ou santi ou pa alèz pale ak yon moun ki diferan sèks. Pa gen okenn garanti ke Asylum Office [Biwo Azil] la pral akòde demann ou an, men si ou pa fè demann lan ou pap janm konnen. Kèlkeswa sèks lan, tout ofisye yo resevwa fòmasyon nan lwa azil ak fòmasyon *jeneral* sou kondisyon dwa moun nan peyi a.

**Ou gen dwa pou explike ka ou an byen. Sepandan, paske Ofisye Azil la pa pran yon desizyon final sou ka ou an, se sèlman si w gen yon gwo posibilite pou w jwenn azil si yo etidye ka ou an pi byen (oswa yon posibilite rezonab pou genyen sispansyon pou depòtasyon an oswa pwoteksyon anba Konvansyon kont Tòti a « Convention against Torture an anglè ») Ofisye Azil la ka pase twò vit sou dosye ou an epi li ka rate kèk enfòmasyon enpòtan. Genyen kèk bagay ke ou ka fè pou evite sa.**

**Ou gen dwa pou gen yon avoka prezan nan entèvyou/antrevi a si ou anboche/pran youn.** Ou ka mande pou yon lòt dat entèvyou/antrevi tou si ou vle plis tan pou chèche yon avoka oswa si ou pa santi w byen.



**Fè ofisye a konnen si ou te entewòmp ou e ke ou bezwen fini repons ou:** Ou ka di, "Eskize m', anvan mwen reponn nouvo kesyon ou a, mwen ta renmen fini reponn kesyon ou te poze m' anvan an. Mwen gen yon lòt bagay enpòtan pou mwen di."

Evite reponn pa « wi » oubyen « non » lè w kapab. **Lè w reponn nan yon fason konplè, sa fè moun pa gen konfizyon. Sa ka ede si ou reprann kesyon an nan repons ou an pou moun yo ka konfime ke ou konprann kesyon an vre.** Nap pran egzanp sa, si yo mande w « Èske ou marye ? » olye ke ou di « wi » ou ka di « wi, mwen marye. » Pou ou ka konprann ki konsekans sa ka genyen, ann konsidere egzanp sa a : « Èske ou te wè manman w pou dènye fwa an 2011 ? » men entèprèt la di « Èske dènye ou te pale ak manman w lan se an 2011 ? » epi ou reponn « wi », ebyen Ofisye Azil la ap panse ke ou reponn kesyon yo te poze an anglè a, sa vle di ke ou te « wè » manman w an 2011, pa ke ou te « pale » avèk li. Nan plas sa, ou ka reponn ak yon fraz konplè tankou « Wi, dènye fwa mwen te pale ak manman m lan se an 2011. » Nan egzanp sa a, moun nan te pèdi azil la paske te gen yon konfizyon ant mo « wè » ak « pale » a epi jij la te panse ke moun nan te chanje istwa li an, kidonk sa vle di ke li tap bay manti.

**Mande pou yo explike w oubyen pou yo klarifye pou ou si ou pa konprann kesyon an.** Pa egzanp, siw te nan prizon 2 fwa epi Ofisye Azil la mande ou « Èske yo te bat ou nan prizon an ? » ou ka reponn « Èske sa wap mandem nan se sou premye fwa mwen te nan prizon an oubyen sou dezyèm fwa a ? » Nan yon fason, ou ka klarifye pou yo nan repons ou pou w di « Premye fwa mwen te nan prizon an, yo pa t bat mwen, men dezyèm fwa mwen te nan prizon an, yo te bat mwen 3-4 fwa konsa. » N ap pran yon lòt egzanp, ou ka toujou di « Si mwen byen konprann ou, w ap mande m si lapolis pat janm fè investigasyon sou ka mwen. Se sa ? » oubyen « Si w ap mande m si lapolis pa janm envestige ka mwen an, ebyen repons lan se non – Yo te pran rapò mwen an, men yo pa t kontaktem aprè. »

**Fòk ou kanpe tòf sou pwoblèm nan men fòk ou dou ak moun nan**, on lòt jan ou ka di sa se pou w goumen pou dwa ou yo, espesyalman, dwa ou pou w explike ka ou an totalman ak kòrèkteman, men fòk ou fè sa ak anpil respè. Fòk ou toujou pale ak anpil respè epi ak anpil kè poze ak Ofisye Azil la ak entèprèt la. Sa pa fè anyen si yo maledve oubyen si yo agresif. Pa fistre. Sa se pwoblèm pa yo – sa ka rive ke yo pa t byen dòmi oubyen yo te nan diskisyon ak mari/madanm yo nan maten an – epi kèk fwa tou se yon estrateji pou yo twonpe w. Kidonk pa fache ni pa aji mal. Nan menm fason sa tou, sa pa vle di pou w kite y app ase sou ou. Fòk ou defann tèt ou epi pou w pale sou sa – ak anpil respè epi ak kè poze – si w santi ke yo pa p respekte dwa jiridik ou yo. Pa egzanp, si Ofisye Azil la mal entèprete yon pawòl ou sipoze korije ofisye a. Si ou bezwen yo reprann yon kesyon, fòk ou di l. Si ou vle explike yon lòt bagay, di Ofisye Azil la sa. Ankenn moun, pa menm avoka ou a si ou gen youn, youn nan yo pa ka konprann sa k ap pase nan tèt ou an donk fòk ou pale si ou rann ou kont ke gen yon pwoblèm.

Nan fen entèvyou a, Ofisye Azil la ap ba ou yon kout rezime sou temwayaj ou a - **asire ke tout bagay kòrèk e ke pa gen anyen ki enpòtan ki manke**. Nan fen an, mande pou ajoute nenpòt ki bagay [enfòmasyon] ke ofisye a pa te panse mande ou.

### **KÒMAN POU OU PREZANTE KA OU AN**

Sa ka itil ou si w gad entèvyou a tankou yon konvèsasyon, paske sa ka ede w santi w pi alèz pou w pale e pou w mwens strese. Tout moun ka santi yo strese, men pinga ou pè poze Ofisye azil la kesyon sou kijan pwosesis la mache oubyen sou lòt bagay.

**Fòk ou pa pè korije Ofisye Azil la oubyen entèprèt la.** Pa egzanp, si w te blese nan yon janm epi yo mande w "Èske w te senyen anpil nan bra w?" ou ka vle di "wi" paske ou te senyen anpil, men si aksidan ou an se te aktyèlman sou janm ou, fòk ou di "non" epi korije enkonpreyansyon an. Di si gen yon pwoblèm imedyatman pou ou ka ranje li epi evite konfizyon ak plis ankò, pi gwo pwoblèm. Bagay ki pi enpòtan an se ke Ofisye Azil la vrèman konprann sitiyasyon ou an.

**Pa jis asime ke Ofisye Azil la konprann kijan kilti ou an ye.** Se responsablite pa w pou ou explike. Sa se chans ou genyen pou yo ba w pwoteksyon Ozetazini, kidonk, explike tout bagay sou fason ou pè retounen an. Ofisye Azil la oblije kenbe tout enfòmasyon li tande yo konfidansyèl. Ofisye Azil la gendwa gen yon konpreyansyon jeneral sou kondisyon ki nan peyi w, men li p ap gen menm pwofondè konesans ak ou menm jan li gendwa pa t abite la pou yon peryòd tan pwolonje. Fè atansyon pou pa trete Ofisye Azil la kòm sòt oswa mal enfòm. Okenn moun pa renmen sa. Kidonk, pa di « Ou pa konn kijan bagay yo ye nan peyi mwen, men lapolis la gen anpil kòripsyon » pito ou di « Mwen pa konn si ou konnen ki jan lapolis travay nan peyi pa m, men yo pwoteje w sof si ou gen anpil lajan pou w ka peye yo. »

**Bay detay extra epi ki klè.** Pa egzanp, si yo mande w “Konbyen frè ak sè ou genyen?” olye ou di “5”, ou ka di « Mwen gen 5 frè ak sè, 3 frè ak 2 sè.” Sa enpòtan paske gen kèk lang ki pa gen yon tradiksyon egzak. Pa egzanp, nan lang panyòl, "frè ak sè" ka tradui kòm "frè" epi ou gen 3, pa 5 frè! Nan yon lòt egzanp, moun k ap chèche azil la te pèdi ka yo an paske nan entèvyou a yo te di ke yo te pale ak manman yo sa gen yon ane e nan tribinal la yo te di ke yo te pale ak manman yo sa gen 6 mwa. Se poutèt sa jij la pèdi konfyans nan yo nan kapasite yo pou yo di laverite. Sepandan, moun k ap chèche azil la pa t aktyèlman chanje istwa li e li te ka evite pwoblèm sa a si li te bay detay: "Dènye fwa mwen te pale ak manman m an pèsòn se te yon ane

de sa lè m te kite peyi m nan epi dènye fwa mwen te pale ak manman m nan telefòn, sa gen 6 mwa, avan mwen te travèse fwontyè Etazini-Meksik la."

**Bay laverite.** Nòmalmman, sa se pi bon fason pou w ka evite gen pwoblèm nan ka ou an. Anplis ke w ap temwanye sou penalite fo sèman, se yon bon estrateji jiridik. Li enpòtan ke Ofisye Azil la santi ke li ka fè w konfyans. Si Ofisye Azil la santi ou pa ap bay vérité, oubyen yon ti pwoblèm san enpòtans, yo ka pèdi konfyans nan tout rès bagay w ap di yo.

Fòk ou reyalis – **pa gen moun ki pafè** e li pi bon pou w bay vérité e pou w explike sitiyasyon ou an pou Ofisye Azil la olye ke ou eseye kache yo yon bagay paske ou panse ke sa pral fè w parèt lèd.

Pa egzajere – lè w ap eseye fè dosye ou an pi solid ke jan li ye a kaf è Ofisye Azil la panse ke se manti ou t ap bay depi avan.

**Pa imajine !** Toujou bay vérité. Si ou pa konnen yon bagay byen se pa pwoblèm, li pi bon pou w di sa. Pa itilize jou oubyen lè egzak, oubyen nimewo egzak si ou pa konnen sa w ap di a vre. Ou ta dwe, sepandan, bay plis detay ke posib epi eksplike sa ou panse ak poukisa ou panse sa.

Egzanp : « Mpa fin twò si kiyès moun sa yo ki te atakem nan men mwen ret kwè yo se gang MS la paske yo te abiye tankou gang MS la epi yo te menase pou yo tiye m si mwen pa t kontinye peye yo taks sou biznis mwen an menmjan yo fè lòt moun yo sou katye a. »

Egzanp : Olye ou di « Mwen kite peyi mwen jou ki te 6 Daout 2016 » pito ou di « Mwen kite peyi a nan zòn premye semèn mwa daout la » si ou pa si a 100% de sa. Nan egzanp sa, gouvènman an te gen yon paspò ki te gen yon kupon ki te di ke moun nan te kite peyi li jou ki te 8 daout olye ke se 6 daout. Sa fè Ofisye Azil la ka doute de rès bagay ou pral di nan ka ou an ki ta ka enpòtan.



**Si ou pa konn repons lan,** ou ka di ou pa konnen, men ou ka eseye bay yon dat ki pwòch si ou kapab. Pa egzanp, si kesyon an se « Konbyen moun k ap viv nan vil ou an ? » ou ka di « anviwon 10,000 » oswa « Mwen pa konnen, petèt ant 8,000 ak 12,000 ».

**Si ou pa sonje,** di sa, epi bay yon ide. Pa egzanp « mwen pa sonje a kilè gang lan te atake m men li te nan lè mwen te fin rive lakay mwen aprè mwen sot travay a 6è pm epi avan li te fènwa a 8è 30pm » oubyen « Mwen pa sonje ki jou tonton m lan te rele m men li te anviwon 2 semèn avan mwen kite peyi a, petèt nan mitan mwa Avril la. »

Fòk ou presi. **Pa sèvi ak absolli** tankou "toujou", "pa janm", "tout moun", "pa gen moun", elatriye. Gouvènman an ka pafwa montre ke li pa "toujou" vre epi fè ou sanble ou ap bay manti. Pa egzanp si ou di "Tout lapolis yo nan koripsyon" gouvènman an sèlman bezwen montre ke 1 ofisye sou 10,000 se yon bon moun epi li pwouve ke ou se yon mantè epi yo paka fè w konfyans. Menm si li pa ka pwouve ke ou twonpe w, li pa yon fè egzat ke tout 10,000 ofisye polisyo ta nan

koripsyon. Nan yon lòt egzanp, si ou di Ofisye Azil la ke ou mennen timoun ou yo lekòl "chak" jou, Ofisye Azil la pral panse ke sa pa ka vre paske pifò timoun pa gen lekòl nan Samdi ak Dimanch. Pa kite lòt moun chanje repons ou - gouvènman an ka eseye pyeje w nan fè w panse ou ta dwe reponn yon sèten fason, epi answit vire repons ou kont ou si li pa konsistan avèk nenpòt lòt bagay ou te di oswa nenpòt bagay ki ekri nan dokiman ou yo. (Teknik kont-egzaminasyon sa a anjeneral sèlman anplwaye nan tribinal la.)

Reponn kesyon an dirèkteman. Anpil moun swa tande yon kesyon ki sanble pa enpòtan epi/oswa yo tèlman eksite pou pataje istwa yo ke yo pa reponn kesyon an epi yo kòmanse pale sou yon lòt bagay. Sa a pa byen pase tout tan. Nan pi bon senaryo a, Ofisye Azil la tou senpleman panse ou pa t ap prete atansyon, vin fristre, epi li pa koute tou sa w ap di yo paske yo jis ap eseye fè ou tounen sou bon wout la. Nan pi move senaryo a, Ofisye Azil la panse ke w ap evite kesyon an paske ou pa konnen ki jan pou w reponn paske se istwa w envante e kontrebandyè a pa te prepare w pou kesyon sa a. **Reponn kesyon an avan, epi apresya eksplike ak/oswa ajoute nenpòt lòt bagay ou panse ki enpòtan.** Pa egzanp, si kesyon an se "Kote madanm ou?" pa di "Nou pa viv ansanm" paske sa pa reponn kesyon kote li ye. Olye de sa, ou ka di "Mwen pa konnen, nou pa viv ansanm ankò" oswa "Mwen pa konnen - dènye fwaa mwen tande l, li te nan Ondiras men nou separe de zan de sa e nou pa an kontak ankò. M pa konnen." Nan yon lòt egzanp ankò, si kesyon an se "Èske w marye?" epi ou di "Li rete nan yon lòt vil epi nou pa pale" petèt sa a se bagay ki pi enpòtan pou ou men ou poko reponn kesyon an. Ou ta dwe pito di "Wi, mwen marye men nou te separe sa gen 2 zan, li abite nan yon lòt vil, epi nou pa pale oswa wè youn ak lòt ankò. » Yon lòt pwoblèm komen ki rive se lè yon moun kòmanse bay istwa / kontèks la an premye. Sa a pa mache paske Ofisye Azil la pa konnen ke w ap eseye reponn kesyon an. Se poutèt sa ou ta dwe reponn dirèkteman ak Lè sa a, bay istwa / kontèks ki nesèsè yo.

Li ok pou **montre emosyon** sou sa ki te rive ou nan peyi ou. Si w fache, tris, fristre elatriye li enpòtan pou w fè Ofisye Azil la konnen. Si Ofisye Azil la konnen ki jan ou santi w, li pral pi fasil pou yo reyèlman mete tèt yo nan pozisyon ou epi santi sa ou santi yo, jan nou di la a "mache yon mil (yon kilomèt) nan soulye ou", epi kidonk konprann ou menm ak sitiyasyon ou. Emosyon ede imanize ka w la pou w pa wè w kòm yon lòt « Nimewo A » ak yon lòt dosye, men kòm moun ou ye a. Dezyèm rezon ki fè li enpòtan pou eksplike eta emosyonèl, mantal, ak sikolojik ou nan moman pwoblèm ou yo epi kounye a se ke Etazini bay pwoteksyon pou kalite pèsekisyon ak tòti sa a. Pandan ke li pi fasil pou eksplike ak konprann domaj fizik ak risk, li enpòtan pou jwenn mo yo ekspriye tèt ou konplètman. Lè w konnen li ka difisil pou w sonje ak rakonte l, ta dwe gen yon bwat tisi ki disponib nan sal la. Li ok, epi li nòmal pou w kriye lè w sonje epi ap rakonte istwa sa yo, kèlkeswa laj oswa sèks.

## KOMAN POU OU TRAVAY AVÈK YON INTÈPRETÈ

Ou gen dwa pou yo tradwi kom sa dwa tout sa kap di nan antrevi azil ak/oswa nan odyans tribinal lan. Fey sa a fet pou ede w' evite konfizyon ak malantandi ki ka rive lè wap travay avèk yon entèpret pandan antrevi azil oswa odyans tribinal ou an.



An jeneral, **li pi bon pou ou pâlè dousman, klè, fò, epi pran poz aprè chak fraz oswa chak lide** pou ou ka bay intèprèt la chans pou li tradwi pou ou, anvan li bliye sa ou te di a. Si ou poko fin reponn yon kesyon epi yon lòt moun koupe pawòl ou, jis di "tanpri m' ta renmen' fin reponn kesyon an."

Li se yon bon lide tou pou evite itilize mo ki trè espesifik nan peyi w oswa vilaj ou a, oswa ki ka gen yon siyifikasyon espesyal la, paske entèprèt la ka pa abitye ak mo lokal yo oswa gen yon siyifikasyon diferan pou yo. Si youn nan mo sa yo trè enpòtan pou ka w la, tanpri konfime ak entèprèt la ke yo konprann e ke li vle di menm bagay ak ou. Pou egzanp, « mariposa » nan lang Panyòl vle di papiyon men pou Meksiken li ka vle di tou omoseksyèl.

Si w kwè gen nenpòt pwoblèm ak entèpretasyon an di sa imedyatman pou Ofisye Azil la ka ede rezoud pwoblèm nan epi, si sa nesèsè, rele yon lòt entèprèt.

## **EGZANP KESYON**

### **Kesyon sa yo se jis yon gid.**

Ofisye azil la pral poze kèk kesyon ki sou fèy papye sa ak lòt kesyon ki pa sou fèy papye sa

### **Ou PA TA dwe eseye memorize / aprann kesyon sa yo.**

Se sèlman li yo yon fwa. Ou pa vle repons ou yo sanble fo epi parèt tankou ou memorize yo pa kè, oswa prepare pa yon kontrebandye. Sinon ou ka pèdi entèvyou ou. Ou konnen istwa ou pi byen pase nenpòt lòt moun kidonk ou ta dwe pa enkyete w twòp ak kesyon sa yo.



## ENTWODIKSYON

A entèprèt la, èske ou sèmante oubyen afime ke ou pral entèprete konplètman e avèk presizyon nan bon kapasite ou?

Eske ou konprann entèprèt la? Ki lang ou pale epi ou konprann pi byen?

Non mwen se \_\_\_\_\_ epi mwen se moun ki pral fè Credible Fear Interview [Entèvyou pou evalye kredibilite krent ou] pou ou jodi a. Objektif entèvyou sa a se pou detèmine si ou gen yon krent pou ou retounen nan peyi ou e si ou ka kalifye pou pwoteksyon nan Etazini.

Mwen pral fè ou sèmante. Tanpri leve men dwat ou. Èske ou sèmante oswa afime ke ou pral di verite, tout verite, e anyen ankò ke verite a?

Mèsi, ou ka bese men ou. Tanpri pale fò, klè epi tanpri itilize fraz ki kout konsa entèprèt la ka entèprete tout sa ou di.

## BACKGROUND

### **Q. Do you still have a fear of returning to your country?**

Q. Todavía usted tiene miedo de volver a tu país?

Q. Èske ou toujou pè pou retounen nan peyi' w?

### **Q. Do you have an attorney/consultant to represent you?**

Q. Tiene un abogado o consultor/a?

Q. Èske ou genyen yon avoka ki pou represente ou?

### **Q. Are you comfortable continuing without an attorney present?**

Q. Se siente cómoda continuar sin abogado?

Q. Èske ou konfotab pou ou kontinye san ke ou pa gen yon avoka pou represente'w?

### **Q. We want to be sure that you know that you can speak to us about whatever fear that you may have. Do you understand?**

Q. Queremos estar seguros que sepan que ustedes pueden hablarme acerca de cualquier temor que puedan tener. Comprende usted?

Q. Nou vle asire ke ou konnen ou ka pale avèk nou de kèlkeswa krent ou ka genyen. Èske ou konpran?

### **Q. What is your full name?**

Q. Cual es su nombre completo?

Q. Ki non komplè ou?

### **Q. Have you ever been known by any other names or aliases?**

Q. Alguna vez ha conocido por otro nombre o alias?

Q. Èske ou janm itilize lòt non oswa alias?

### **Q. What is your date of birth?**

Q. Cuál es su fecha de nacimiento?

Q. Ki dat ou fèt?

### **Q. Do you have any mental or medical conditions or concerns?**

Q. Tiene alguna condición medica o mental?

Q. Èske ou pa gen anken kondisyon mantal oswa medikal ki enkeyte ou?

**Q. In what country where you born?**

Q. En que país nació?

Q. Nan ki peyi ou te fèt?

**Q. Are you a citizen of \_\_\_\_\_?**

Q. Eres ciudadano de \_\_\_\_\_?

Q. Èske ou se sitwayen de \_\_\_\_\_?

**Q. Are you a citizen of any other countries?**

Q. Eres ciudadano de otros países?

Q. Èske ou se sitwayen nan anken lòt peyi / Èske ou gen citizenship nan lòt peyi?

**Q. Have you ever lived in another country?**

Q. Ha vivido usted en otro país?

Q. Èske ou te janm viv nan yon lòt peyi?

**Q. Do you speak any other languages besides Spanish?**

Q. Habla usted otras idiomas más que el español?

Q. Èske ou pale oken lòt lang san konte panyòl?

**Q. What is your race/ethnicity?**

Q. Cuál es su raza?

Q. Ki ras/etnisite ou?

**Q. What is your religious affiliation, if any?**

Q. Cuál es su afiliación religiosa?

Q. Ki afilyasyon relijye ou, si ou genyen youn?

**Q. What was your last address in \_\_\_\_\_?**

Q. Cual fue la última dirección suya en \_\_\_\_\_?

Q. Ki dènye adrès ou nan \_\_\_\_\_?

**Q. Are you married, single, or living with a partner?**

Q. Esta usted casado, soltero, o vive con su pareja?

Q. Èske ou marye, selibatè, oubyen wa'p viv ak yon patnè?

**Q. Do you have any children?**

Q. Tiene usted hijos?

Q. Èske ou gen pitit?

**Q. Have you ever been threatened by another form on any other occasion?**

Q. Ha sido usted amenazada de otra forma o en alguna otra ocasión?

Q. Èske yo te janm menase'w pa nenpòt jan oubyen nan lòt okazyon?

**Q. Why do you think you were designated?**

Q. Porque cree que usted fue señalada

Q. Poukisa oupanse se ou menm yo te vize/dèyè?

**Q. Did you report these threats the police or to the appropriate authorities?**

Q. Reporto usted estas amenazas a la policía o a las autoridades pertinentes?

Q. Èske ou te rapòte menas sa yo bay lapolis, oubyen ou te rapòte yo bay otorite Ki responsab?

**Q. When did you report it?**

Q. Cuando las reporto?

Q. Kilè ou te rapòte'l?

**Q. What was the response of the police?**

Q. Cual fue la respuesta de la policía ?

Q. Kisa lapolis te di / fè?

**Q. Is it dangerous to report threats to the police?**

Q. Es peligroso para informar de las amenazas a la policía?

Q. Èske li danjere pou ou rapòte menas yo bay lapolis?

**Q. Did the police investigate anything regarding your complaint?**

Q. Investigo algo la policía acerca de su denuncia?

Q. Èske lapolis te envestige plent ou an?

**Q. Did you think the police will protect you?**

Q. Cree usted que la policia la protegería?

Q. Èske ou te panse ke lapolis t'ap proteje'w

**Q. Did you think anyone else in the government would protect you?**

Q. Cree usted que alguien más en el gobierno la protegería?

Q. Èske ou te panse ke youn nan moun nan goudenman an t'ap proteje'w?

**Q. Why? Or Why not?**

Q. Porque si? o Porque no?

Q. Poukisa?

**Q. Where did you live before you came to the United States? For how long?**

Q. Donde vivía usted antes de venir a los Estados Unidos? Por cuanto tiempo?

Q. Ki kote ou tap viv anvan ou vini Etazini? Pou konbyen tan ou te viv la?

**Q. What did you do for a living?**

Q. A que se dedicaba usted para ganarse la vida?

Q. Kisa ou te konn fè pou viv?

**Q. Why don't you want to return to \_\_\_\_\_?**

Q. Porque usted no quiere regresar a \_\_\_\_\_?

Q. Poukisa ou pa vle retounen \_\_\_\_\_?

**Q. Have you or a member of your family been threatened in \_\_\_\_\_?**

Q. Ha sido usted o algún otro miembro de su familia amenazado en \_\_\_\_\_?

Q. Èske ou menm oswa manm nan fanmi ou te sibi menas nan \_\_\_\_\_?

**Q. How many times?**

Q. Cuantas veces?

Q. Konbyen fwa?

**Q. Have you or a member of your family ever been injured, cut, or hit in any way in \_\_\_\_\_?**

Q. Ha sido usted o algún miembro de su familia perjudicado, herido , golpeado de alguna manera en \_\_\_\_\_?

Q. Èske ou menm oubyen yon manm nan fanmi ou te janm sibi abi, blese, koupe / kòche, oswa frape nan nenpòt fason nan \_\_\_\_\_?

**Q. What do you think will happen if your return to \_\_\_\_\_?**

Q. Que cree usted le suceda si usted regresa a \_\_\_\_\_?

Q. Kisa ou panse ki ka pase si ou retounen?

**Q. Have you ever attempted to get protection from your government?**

Q. Ha intentado alguna vez adquirir proteccion de su gobierno?

Q. Èske ou janm eseye mande gouvènman ou an pou proteksyon?

**Q. Did you hire/use a smuggler to bring to the United States?**

Q. Utilizó usted a un contrabandista para que la trajera a Los Estados Unidos?

Q. Èske ou te anboche / peye / utilize yon kontrebannye pou vini Etazini?

**Q. Do you remember if you were interviewed by the border patrol in \_\_\_\_\_?**

Q. Recuerda usted haber sido entrevistada/o por la Patrulla Fronteriza en \_\_\_\_\_?

Q. Èske ou sonje si ofisye ki patwoye fwontyè a te fè entèvyou avèk ou nan \_\_\_\_\_?

**Q. Are you afraid that someone in your government of \_\_\_\_\_ or people acting with the approval of the public officials will physically or mentally harm you for whatever reason?**

Q. Teme usted que alguien del gobierno de \_\_\_\_\_ o personas actuando con el consentimiento de oficiales públicos puedan intencionalmente hacerle daño físico o mental por cualquier razón?

Q. Èske ou pè ke yon moun nan gouvènman ou an nan \_\_\_\_\_ oubyen moun ki aji ak apwobasyon ofisye piblik yo ka fè ou mechanste fizikman, mantalman epi domaje'w pou kèlkeswa rezon?

## NEXUS

**Q. Have you or a member of your ever been discriminated against or injured based on your race?**

Q. Ha sido usted o algún miembro de su familia discriminado o perjudicado por su raza?

Q. Èske ou menm oubyen yon manm nan fanmi ou janm sibi diskriminasyon oubyen abi / mechanste poutèt ras ou?

**Q. Have you or a member of your family ever been discriminated against or injured based on your religion?**

Q. Ha sido usted o algún miembro de su familia discriminado o perjudicado por su religión?

Q. Èske ou menm oubyen yon manm nan fanmi ou janm sibi diskriminasyon oswa abi / menas / mechanste poutèt relijyon ou?

**Q. Have you or a member of your family ever been discriminated against or injured based on your nationality?**

Q. Ha sido usted o algún miembro de su familia discriminado o perjudicado por su nacionalidad?

Q. Èske ou menm oubyen yon manm nan fanmi ou janm sibi diskriminasyon oswa abi / menas / mechanste poutèt nasyonalite ou?

**Q. Have you or a member of your family ever been threatened or injured because of their political opinion?**

Q. Ha sido usted o algún miembro de su familia amenazado o perjudicado por su opinion política?

Q. Èske ou menm oubyen yon manm nan fanmi ou te janm sibi menas oswa mechanste poutèt opinyon politik yo?

**Q. Have you or your family ever been harmed because you are in a political party or because you go to political rallies?**

Q. Ha sido usted o algun miembro de su familia perjudicado por su afiliación a un partido político o porque participa usted en manifestaciones políticos?

Q. Èske ou menm oubyen yon manm nan fanmi ou sibi menas / abi / mechanste paske ou nan yon gwoup politik oubyen paske ou patisipe nan rasanbleman politik [pwotès, demonstrasyon]?

**Q. Have you or a member of your family ever been discriminated against or injured based on your membership in any particular social group?**

Q. Ha sido usted o algún miembro de su familia discriminado o perjudicado por pertenecer a algún grupo?

Q. Èske ou menm oubyen yon manm nan fanmi ou te janm sibi diskriminasyon poutèt patisipasyon yo nan gwoup sosyal patikilye?

## **KONVENSYON KONT TÒTI**

**I am now going to ask you a series of question regarding mistreatment from public officials, which includes the police, government officials, and military member.**

Ahora le voy a preguntar una serie de preguntas sobre el maltrato de funcionarios publicos que incluyen la policia, oficiales del gobierno, y miembros del ejercito.

Kounye a mwen pral poze ou de seri de kesyon konsènan move tretman nan men ofisye piblik, tankou lapolis, gouvènman ofisye / manm gouvènman, ak manm militè.

**Q. Have you ever seen any police misconduct in your town?**

Q. Ha visto usted mala conducta policial en su pueblo?

Q. Èske ou janm wè polis kap fè move zak nan peyi/vil/provins ou?

**Q. Do you think anyone else from the government could protect you?**

Q. Cree usted que alguien mas del gobierno le puede proteger?

Q. Èske ou panse lòt moun nan gouvènman an ka proteje'w?

**Q. Have you ever experienced any mistreatment in the past by public officials or persons associated with public officials?**

Q. Ha usted experimentado malos tratos en el pasado de oficiales públicos o personas asociadas a los oficiales públicos?

Q. Èske ou janm eksperyanse abi / move tretman nan men ofisye leta/piplik oubyen moun ki asosye ak ofisye leta/piblik?

**Q. Do you fear you could be harmed in the future by public officials or someone operating with the consent of public officials?**

Q. Tema usted que podría ser daño en el futuro por parte de oficiales publicos o alguien actuando con el consentimiento de oficiales públicos?

Q. Èske ou pè pou ofisye leta/piblik oubyen moun ki opere avèk konsantman ofisye leta/piblik yo pa fòw mechansté?

## **RELOKASYON INTÈN**

**Q. Do you think you could live in any other part of your country?**

Q. Cree usted que puede vivir en alguna otra parte del pais?

Q. Èske ou panse ou te ka viv nan nenpòt lòt pati/zòn nan peyi ou?

**Q. Why not?**

Q. Porque no?

Q. Poukisa?

## **EGZAMINASYON OBLIGATWA**

**Q. Have you lived in any other country?**

Q..Ha vivido en algún otro pais?

Q. Èske ou te janm viv nan yon lòt peyi?

**Q. Have you ever had legal permission to live in any other country, beside the United States and your country?**

Q..Ha usted tenido permiso de vivir legalmente en otro pais, al lado de los Estados Unidos y su pais?

Q. Èske ou te janm gen pèmasyon legal pou viv nan yon lòt peyi ki pa Etazini oswa peyi pa'w?

**Q. Have you ever persecuted or harmed another human being?**

Q..Ha usted perseguido o perjudicado a otro ser humano?

Q. Èske w janm pèsekite oubyen abize yon lòt moun?

**Q. Have you ever been arrested for any reason in your country? Have you ever been convicted?**

Q. Ha sido usted arrestada por algún motivo en cualquier país? Ha sido usted. condenada/o ?

Q. Èske yo te janm arete ou pou nenpòt ki rezon nan peyi ou? Èske w te janm kondane?

**Q. Have you ever supported, assisted or been affiliated with a group accused of using violence to obtain its objectives?**

Q. Ha apoyado, asistido o/y afiliada a grupos que han sido acusados de usar violencia como medios de obtener sus objetivos?

Q. Èske w janm sipòte, ede oubyen afilye avèk yon gwoup ke yo akize ki itilize vyolans pou realize objektif li?

**Q. Have you ever served in the military?**

Q. Ha usted servido en las fuerzas armadas?

Q. Èske w te janm sèvi nan lame?

**Q. Have you received any military-type training?**

Q. Ha recibido algún tipo de entrenamiento tipo militar?

Q. Èske w te resevwa anken fòmasyon militè?

**Q. Did you use a smuggler to enter the United States?**

Q. Contrato a una persona para ayudarla entrar a los Estados Unidos?

Q. Èske ou te itilize yon kontrebandye pou te antre Etazini?

**Q. Why did you tell the border patrol agent that interviewed you that you did not fear returning to your country and did not believe that you would be harmed if you returned to your country?**

Q. Porque le dijo al agente de la Patrulla Fronteriza cuando la entrevistó, que no tenía miedo de ser dañada en su país?

Q. Poukisa ou te di ajan ki patwouye fwontyè a ki entèvyouye/kesyone ou a ke ou pa pè pou retounen nan peyi ou ni ou pa kwè ke ou ap an danje si ou tounen nan peyi ou?

**Q. When they first interviewed you did you tell them you were not afraid?**

Q. Cuando la entrevistaron por primera vez le dijo que no tenía miedo?

Q. Le yo te premye entèvyouye/kesyone ou, èske ou te di yo ou pa pè?

## **FEN KESYON ENTÈVYOU YO**

**Q. Aside from what we've discussed, do you have any other problems in your country?**

Q. De parte de lo que hemos hablado, tiene usted otros problemas en tu país?

Q. Apa de sa nou diskite yo èske ou gen okenn lot pwoblèm nan peyi ou?

**Q. Did you understand everything that I have asked you?**

Q. Entendió todo lo que le pregunte?

Q. Èske ou te konpran tout sa mwen mande'w yo?

**Q. Did you have any problems understanding the interpreter?**

Q. Usted tuvo algún problema entendiendo al interprete?

Q. Èske ou te gen oken pwoblèm pou konpran entèpret lan?

**Q. Is there anything else that you would like to add that you think we have not covered today?**

Q. Hay alguna otra cosa que quiera añadir que no fue cubierta hoy?

Q. Èske pa gen anyen ankò ou ta vle di ke oupanse nou ta dwe diskite jodia?

## Egzijans pou Azil, Detansyon, ak Pwoteksyon pou Konvansyon Tòti

Fado sou aplikan an: Se travay ou pou pwouve ou bezwen pwoteksyon

Mal ka swa fizik oswa emosyonèl / mantal

Ou ka kalifye pou azil si ou montre mal pase oswa nan lavni

	<u>Azil</u>	<u>Detansyon Depòtasyon</u>	<u>Konvansyon kont Tòti</u>
<u>Mal</u>	<u>Pèsekisyon</u>	<u>Pèsekisyon</u>	<u>Tòti</u>
<u>Pou kisa</u>	<u>5 rezon</u>	<u>5 rezon</u>	<u>Anpil rezon</u>
<u>Gouvènman oubyen òganizasyon ki pa travay ak leta</u>	<u>Pa vle oubyen pa kapab pou kontwole</u>	<u>Pa vle oubyen pa kapab pou kontwole</u>	<u>Envestigason, konsantman, akize</u>
<u>Pwobabilite</u>	<u>10%</u>	<u>Plis ke 50%</u>	<u>Plis ke 50%</u>
<u>Diskresyon</u>	<u>Wi</u>	<u>Non</u>	<u>Non</u>
<u>Estati Jiridik</u>	<u>Pèmanan</u>	<u>Tanporè</u>	<u>Tanporè</u>

Ou pa lejib si :

- Ou ka deplase nan yon lòt zòn nan peyi w la epi pou ou an sekirite (Deplasman entèn)
- Ou gen yon estati jiridik pèman nan yon lòt peyi (Reyentegrasyon fèm)
- Kondisyon na peyi ou an chanje fondamantalman epi yo vin miyò

Azil imanità : si ou te soufri pèsekisyon avan epi 1. Ou te fè fas ak mechanste oubyen 2. Mechanste pase yo te tèlman grav, yo pata sipoze mande w tounen.